

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Karya sastra téh mangrupa hasil ciptaan manusa anu diébréhkeun ku cara ngagunakeun basa sacara lisan atawa tulisan. Karya sastra mangrupa ébréhan jiwa pangarang anu digelarkeunana maké média basa. Basa dina karya sastra dipaké pikeun ngahontal ajén-ajén éstétika. Ari carana rupa-rupa, bisa ngagunakeun gaya basa, purwakanti, pakéman basa, jeung sajabana. Ku kituna, basa jeung sastra téh raket pisan patalina tur silih rojong. Eusi karya sastra biasana mangrupa ébréhan ngeunaan masalah-masalah hirup-huripna manusa, hakékat jeung gambaran kahirupan manusa, rupa-rupa pangalaman rasa, jeung ide manusa anu bisa diébréhkeun dina wangun sastra. Salian ti éta, sastra ogé ngagambarkeun kasusah manusa, perjuangan, silih asih, pagéntréng jeung sasama manusa atawa naon hal anu kaalaman dina kahirupan sapopoé.

Karya sastra mangrupa hasil karya cipta jeung kréativitas hiji jalma (pangarang) dina ngolah basa anu ngajangélék jadi hasil karya sastra anu éstétis. Patali jeung hal éta ditétélakeun ku Iskandarwassid (2003:138), yén karya sastra téh nya éta karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra).

Sacara umum wangun karya sastra téh dibagi jadi tilu bagian, nya éta (1) wangun lancarana (prosa), (2) wangun ugeran (puisi), (3) wangun paguneman (drama).

Dumasar kana warnana, karya sastra anu kaasup wangun lancarana (prosa) diantarana: dongéng, skétsa, carita pondok, roman, jeung novel. Anu kaasup wangun ugeran (puisi) diantarana: mantra (jangjawokan, singlar, asihan, jampé, rajah, ajian), kakawihan, sisindiran, (rarakitan, paparikan, wawangsalan), sair, pupuh, guguritan, jeung carita wawacan. Ari anu kaasup wangun carita (drama) diantarana: sandiwara, opera, jeung gending karesmén (Iskandarwassid, 1992:135).

Saterusna dijelaskeun yén carita pondok téh nya éta karya (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancarana, prosa naratip. Galur carita rélatip basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian utama, mangrupa hiji “épisodeu”, palaku ogé ngan ukur dua, tilu. Ku lantaran kitu, ieu carita téh rélatip pondok. Umumna mah jejer, latar (*setting*), jeung kajadian carita téh diolah dina alam kiwari (Iskandarwassid, 2003:113).

Carita pondok nya éta carita atawa narasi (lain analisis argumentatif) anu fiktif (henteu bener-bener kajadian geus kajadian tapi bisa kajadian di mana waé jeung iraha waé) sarta rélatif pondok. Carita atawa narasi tadi kudu sacara gemi jeung apik. Ku hal éta, di jero carpon biasana ngan ukur aya dua atawa tilu palaku waé, ngan saukur dina hiji kajadian jeung ngan saukur aya hiji éfék waé pikeun anu maca. Lengkepna hiji carita pondok tadi, bisa ditingali tina segi-segi unsur nu mangrupa, unsur-unsur lainna di antarana nya éta peristiwa carita (alur atawa

plot), tokoh carita (krakter), téma cerita, suasana cerita (*setting*), sudut pandang penceritaan (*point of view*) jeung gaya (*style*) pangarangna (Jakob Sumardjo & Saini K.M. 1988:37).

Nilik kana wangun eusina, karangan wangun carita pondok kaasup kana sastra sampeuran, lantaran ayana sabada sastra Sunda kapangaruhan ku sastra kulon (Ruhaliah, 2002:125).

Dumasar kana pamadegan paraahli di luhur, carita pondok téh nya éta mangrupa salahsahiji bagian tina karya sastra, anu mangrupa carita rékaan dina wangun prosa naratif, dina galur caritaan rélatip basajan lantaran jumlah palaku ukur dua atawa tilu urang. Ku lantaran kitu dina carita pondok, caritana rélatip pondok ngan saukur hiji épisode. Anu diolah tina alam kahirupan kiwari, anu ngébréhkeun pangalaman hirup manusa dina sapopoéna atawa hal anu keur karandapan ku manusa umpamana rasa cinta, rasa gumbira, rasa kaduhung jeung rasa sedih.

Ajén-inajén luhur dina karya sastra téh loba pisan, di antarana ajén budaya, kaagamaan, psikologis, moral, jeung réa-réa deui. Salian ti éta ajén-inajén, karya sastra ogé moal leupas tina struktur pangwangunna. Nurutkeun Iskandarwassid (2003:153), anu disebut struktur dina karya sastra téh nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karya nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra; gembleng boga ma'na. Dina prosa umpamana, kumaha ngaréka unsur-unsur téma, plot, latar, jeung tokoh nepi ka bisa ngawujud jadi carita pondok jeung novel.

Kiwari, carita pondok ogé aya anu dikumpulkeun dijieun buku kumpulan carita pondok. Kumpulan carita pondok éta aya anu mangrupa kumpulan carita

pondok ti hiji pangarang saperti *Kanyaah Kolot* jeung kumpulan carita pondok beunang sababaraha pangarang (antologi). Salahsahiji kumpulan carita pondok Sunda anu aya kiwari nya éta *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Nilik kana judulna ogé ku urang geus kasawang eusina pasti ngabogaan ajén-inajén anu luhur salahsahijina nya éta ajén moral.

Kiwari kahirupan manusa terus-terusan robah luyu jeung mekarna jaman. Téhnologi informasi anu ngaliwatan Radio, Tv, Majalah, Internét, jeung média-média anu lianna. Dina nyanghareupan hal samodél kitu anu mangaruhan kana kaayaan hirup masarakat. Utamana ngeunaan tetekon hirup mimiti geus robah, sikep, pangajén naon anu hadé jeung naon anu goréng (moral) mimiti teu ajeg. Aturan adat jeung agama mimiti geus teu pati dilaksanakeun. Pergaulan rumaja mimiti méngkol jauh kana naon anu dianggap pantes ku generasi anu saméméhna.

Sangkan éta ajén-inajén henteu leungit, jeung henteu dipohokeun, kacida perluna éta ajén-inajén diajarkeun hususna disakola-sakola. Salahsahiji carana nya éta ngaliwatan pangajaran sastra.

Dumasar kana peraturan Daerah Jawa Barat No. 5 taun 2003 ngeunaan ngalestarikeunna basa, sastra jeung aksara daerah, anu netepkeun yén basa daerah, diantaranya basa Sunda, diajarkeun di sakola dasar di Jawa Barat. kawijakan éta dumasar kana UU No. 22/1999 ngeunaan pamaréntahan daerah jeung UU No. 20/2003 ngeunaan sistem Pendidikan Nasional, dumasar kana UUD 1945 anu aya patalina Pendidikan jeung Kabudayaan.

Panalungtikan ieun leuwih museur kana struktur jeung ajén moral dina kumpulan carita pondok *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata anu disaluyukeun

kana Standar Kompetensi (SK) salaku bahan pangajaran anu aya di SMP. Ku kituna, ieu panalungtikan dihususkeun pikeun néangan struktur jeung ajén moral anu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata anu disaluyukeun kana Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SK-KD) anu geus aya.

Panalungtikan ajén moral geus aya anu nalungtik mangrupa skripsi, di antarana: skripsi Dadang Yulianto (2006) nu judulna *Ajén Moral dina Kumpulan Carpon Ajalna sang Béntang Pilem* karya Dudu Durahman. Kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata mah tepi ka danget ieu can ditalungti tina segi struktur jeung ajén moral. Ku kituna, perlu diayakeunna panalungtikan dina wangun skripsi, sangkan kapanggih struktur jeung ajén moral anu aya dina éta kumpulan carita pondok *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Pikeun kapentingan skripsi ieu panalungtikan dibéré judul “Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* Karya Karna Yudibrata pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas VII (Tilikan Struktur jeung Ajén Moral)”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ajén-inajén anu aya dina kumpulan carita pondok *Kanyaah Kolot* téh kacida jembar, diantarana nya éta ajén kaagamaan, atikan, psikologi, budaya, jeung moral. Sangkan ieu panalungtikan téh leuwih museur jeung teu lega teuing, dina nalungtik kumpulan carita pondok *Kanyaah Kolot* téh baris diwatesanan ku medar struktur jeung ajén moral anu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot*.

Dina éta kumpulan carita pondok téh aya dalapan carita. Dalapan carita éta bakal dijadikeun objék panalungtikan. Satuluyna hasil analisis téh dijieun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas VII.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan téh baris diwincik jadi sababaraha pertanyaan. Sangkan pertanyaan pedaran nyoko kana objék pedaran anu rék ditalungtik, nya éta:

- 1) kumaha struktur carpon (téma, palaku jeung watek palaku, galur, latar, puseur sawangan, jeung amanat) dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata?
- 2) ajén moral naon waé anu nyampak dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata?
- 3) naha hasil analisis struktur jeung ajén moral dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata bisa jadi bahan pangajaran maca di SMP kelas VII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana kasangtukung, watesan jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan téh mibanda tujuan sacara umum jeung husus anu hayang dihontal.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh struktur jeung meunangkeun konsép hirup anu luyu jeung moral anu hadé ku cara mesék tur

medar karya sastra hususna dina kumpulan carita pondok *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata dumasar struktur jeung ajén moral.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan bisa dibagi sababaraha hal, di antarana nya éta:

- 1) ngadéskripsikeun struktur carpon (téma, palaku jeung watek palaku, galur, latar, puseur sawangan, jeung amanat) dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata;
- 2) ngadéskripsikeun ajén moral naon waé anu nyampak dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata;
- 3) nyusun hasil analisis struktur jeung ajén moral dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolo* karya Karna Yudibrata pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas VII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan ngabogaan mangpaat anu hayang dihontal, sacara téoritis di antarana nya éta:

- 1) pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan élmu sastra;
- 2) pikeun ngeuyeuban panalungtikan hususna ngeunaan struktur jeung ajén moral.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan ngabogaan mangpaat anu hayang dihontal, sacara praktis di antarana nya éta:

- 1) bisa meunangkeun struktur jeung ajén moral anu aya dina kumpulan carita pondok *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, sarta bisa nerapkeun éta ajén dina kahirupan sapopoé;
- 2) bisa méré gambaran ka urang yén moral téh penting pisan pikeun manusa dina hirup kumbuh;
- 3) pikeun nambahan atawa ngarojong bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola, utamana dina hal ajén moral.

1.5 Wangenan Istilah

Wangenan dina ieu panalungtikan di antarana hal-hal anu aya patalina jeung kecap-kecap anu dijadikeun judul, nya éta Struktur, Ajén Moral, Carpon, *Kanyaah Kolot*, Bahan Pangajaran, Maca.

- 1) Struktur dina karya sastra téh nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karya nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra; gembheng boga ma'na (Iskandarwassid, 2003:153).
- 2) Ajén Moral nya éta mangrupa ma'na anu aya dina hiji carita anu rék ditepikeun ku pangarang ka anu maca éta carita (Nurgiyantoro, 1995:320).
- 3) Carpon nya éta karya (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancar, prosa naratif. Galur carita rélatip basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian utama, mangrupa hiji “épisodeu”, palaku ogé

ngan ukur dua tilu. Ku lantaran kitu, ieu carita téh rélatip pondok. Umumna mah jejer, latar (*setting*), jeung kajadian carita téh diolah dina alam kiwari (Iskandarwassid, 2003:113).

- 4) Kanyaah Kolot nya éta kumpulan carpon karya Karna Yudibrata anu eusina aya dalap judul nya éta (1) *Jang Oman*, (2) *Kanyaah Kolot*, (3) *Néng Yaya Gering Tipes*, (4) *Jurig Bungkeuleukan*, (5) *Buah Limus Murag ku Angin*, (6) *Nganti Dawuh* (7) *Kanyaah*, jeung (8) *Naib Cidahu*. Jumlah kaca aya 143 kaca. Warna dasar jilidna hideung jeung biru aya gambar jelema tiluan budak jeung kolotna.
- 5) Bahan Pangajaran nya éta matéri anu disusun kalayan sistematis nepi ka nyiptakeun lingkungan atawa suasana anu ngadukung siswa diajar kalayan hadé (Majid, 2008:174).
- 6) Maca mangrupa hiji prosés nu dilakukeun sarta digunakeun ku nu maca pikeun nyangkem pesen anu ditepikeun ku nu nulis dina basa tinulis (Tarigan, 1987:7).

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) sastra mangrupa salahsahiji karya seni anu mibanda ajén-inajén anu bisa ngahudangkeun rasa anu maca;
- 2) carpon mangrupa salahsahiji karya sastra sampeuran anu mibanda fungsi édukatif jeung rékréatif;
- 3) carita pondok mangrupa hasil tina karya sastra anu mibanda anjén-inajén pikeun dijadikeun eunteung pikeun anu maca;

- 4) moral téh mangrupa salahsahiji aspék anu kacida pentingna dina hirup kumbuh manusa sapopoé, sabab moral téh mangaruhan kana katengtreman masarakat. Salian ti éta moral anu hadé bisa ngajegkeun manusa salaku mahluk anu mulia;

